

Jidisyè Nyoudjèze Pwogram Ajan Pwovizyon Alimantè pou Timoun

Child Support Hearing Officer Program- Haitian Creole

New Jersey Courts

www.njcourts.gov



Independence • Integrity
Fairness • Quality Service

**Depatman Koze Lafanmi
Biwo Administratif Tribinal
Sistèm Jidisyè Nyoudjèze
Trenton, Nyoudjèze 08625**

Kisa yo rele Pwogram Ajan Pwovizyon Alimantè pou Timoun?

Pwogram Ajan Pwovizyon Alimantè pou Timoun, se yon pwogram ki jere pa Depatman koze Lafanmi Biwo Administratif Tribinal Nyoudjèze yo. Li konpoze de konseye-oditè ki tande ka ki gen pou wè ak pwovizyon alimantè pou timoun atravè tout leta yo. Otorite ak responsabilite konseye-oditè yo parèt nan *Regleman ki Gouvènè tout Tribinal nan leta Nyoudjèze, Règ 5:25-3 a*. Bi pwogram la se founi aksè rapid ansanm ak èd, ke yo rele "pwosesis akselere" ke tribinal la ba tout fanmi ki prezante yon demann pou sipò finansye.

Kilès ki Ajan Pwovizyon Alimantè pou timoun?

Ajan Pwovizyon alimantè pou timoun se de ofisyè ke Chèf Jistis Tribinal Siprèm Nyoudjèze deziye epi ki otorize pou tande tout koze konsènan pwovizyon alimantè pou timoun. Se de pwofesyonèl ki swa se avoka yo ye ak/oswa kalifye nan branch koze pwovizyon alimantè pou timoun.

Kisa yon Ajan Pwovizyon Alimantè pou Timoun fè?

Ajan Pwovizyon Alimantè pou Timoun pran temwayaj, yo revize tout dokiman, konsidere prèv ak bay Jij Tribinal Sipèrye a rekomandasyon pou etabli, modifiye ak anfòse tout obligasyon sipò yo. Yon jij va revize rekomandasyon a ak siye li epi li konvèti nan yon lòd tribinal.

Etabli Patènite

Nan pifò ka pwovizyon alimantè pou timoun, ajan pwovizyon alimantè pou timoun la detèmine patènite/si w se papa legal timoun la. Moun ki nonmen antan ke papa nan plent la gendwa mande yon tès jenetik pou ede detèmine patènite, oswa li kab admèt patènite a volontèman.

Etabli Sipò

Yon fwa patènite a fin detèmine, ajan a ap rekmande yon montan kom pwovizyon alimantè pou timoun la dapre Direktiv Pwovizyon Alimantè pou Timoun Nyoudjèze yo. Pou plis enfòmasyon sou kijan yo kalkile pwovizyon alimantè ak èd direktiv yo, ale nan Règ 5:6A ak Anèks IX-A a nan njcourts.gov. Toude paran yo gen responsabilite finansye pou sipòte timoun la (yo). Kidonk, ajan Pwovizyon alimantè pou timoun la ap konsidere revni toude paran yo ak/oswa kapasite yo pou jenere revni. Li enpòtan ke toude paran yo prezante ak prèv revni yo lè yo prezante nan tribinal pou yo kab detèmine montan pwovizyon alimantè ak presizyon. Yo kab òdone paran yo peye pou pwovizyon alimantè pou timoun la, tout depans ki gen pou wè ak gadri, ansanm ak tout frè medikal yo.

Modifikasyon/Chanjman nan Lòd Pwovizyon Alimantè a

Nenpòt nan paran yo gendwa prezante yon demann pou modifiye yon lòd pwovizyon alimantè pou timoun. Demann la fèt pou prezante nan konte kote yo te siyen premye lòd pwovizyon alimantè a, se sa yo rele tou lye konte a. Youn nan rezon yon endividi gendwa prezante yon demann pou modifiye lòd tribinal la se si sikonstans pèsònèl yo ta vinn chanje. Pa egzanp, yon paran takab vle yo modifiye montan pwovizyon alimantè a paske li pa gen kapasite pou gaye menm kantite lajan a, li nan prizon, oswa depans pou timoun la (yo) ogmante. Paran ki prezante demann la fèt pou pwouve chanjman sikonstans yo. Si chanjman nan sikonstans yo ta etabli, ajan a va reklakile montan pwovizyon alimantè a dapre direktiv pou pwovizyon alimantè pou timoun yo.

Tout lòd pwovizyon alimantè pou timoun ansanm ak desizyon jidisyè yo ap soumèt a ajisteman baze sou to lavi. Tout lòd sipò ki swiv pa depatman Pwobasyon a revize chak twazan pou detèmine si ajisteman

baze sou to lavi a aplike konfòm ak lwa a ansanm ak tout règ tribinal yo.

Patisipasyon pa Telefòn/ Odyans a Distans

Nan sèten sikonstans, yo kab pèmèt pati yo patisipe nan odyans tribinal la pa telefòn. Ka ke yo konsidere pou odyans telefonik fèt pou reyini sèten kritè. Moun ki ta renmen mande pèmasyon pou patisipe nan yon odyans a distans fèt pou kontakte depatman koze Lafanmi oswa depatman pwobasyon nan konte kote ka a pwograme a dabò . Depatman koze Lafanmi oswa pwobasyon a va voye yon fòm ki fèt pou konplete ak soumèt omwen sèt jou anvan dat odyans la. Tribinal la akòde tout odyans a distans a diskresyon Jij la oswa Ajan konseye-oditè kap tande ka a.

Egzekisyon Lòd Pwovizyon Alimantè a

Si yon paran pap peye pwovizyon alimantè pitit li, yon ajan konseye-oditè pwovizyon alimantè ta kab egzekite lòd la epi rekomande sèten solisyon pou egzekisyon lòd la, kankou dedwi montan a dirèk de salè li, se sa yo rele tou prelèvman sou revni; enpoze yon peyman global de tout oswa pati nan pwovizyon alimantè ki dwe a (tout sa ki (aryere yo); òdone yon montan peyman regilye pou kouvri tout aryere yo; revoke lisans pou kondwi; oswa prizon. Ajan Konseye-Oditè Pwovizyon Alimantè yo ta kab rekomande yon manda darè pou endividi ke tribinal la te konvoke poutèt li dezobeyi lòd tribinal la epi li pat konparèt nan odyans la.

Dwa w yo si se yon Ajan Pwovizyon Alimantè pou Timoun ki Tande Ka w a

Dwa pou Prezante Ka w

Tout pati nan ka a gendwa founi tout temwayaj ki gen rapò ak dosye a, soumèt tout dokiman, ak kont entewoje temwen yo.

Dwa pou fè Rekou Dapèl kont Rekomandasyon Ajan Pwovizyon Alimantè pou Timoun

Tout pati ki dakò ak rekomandasyon Ajan konseye-oditè ap mande pou yo siyen rekomandasyon a. Y ap resevwa yon kopi rekomandasyon ansanm ak fèy kalkil nan direktiv pou pwovizyon alimantè pou timoun la alafen odyans la. Mèzalò, si nou pa dakò ak rekomandasyon ajan konseye-oditè a, pati yo gendwa a yon odyans devan Jij Tribinal Sipèrye a touswit. Se sa yo rele yon apèl oswa yon odyans *de novo* (anouvo). Nenpòt nan pati yo kab mande rekou dapèl epi tout pati yo a va konparèt devan jij ka va tande koze a.

Dwa pou Reprèzantasyon pa Avoka

Nenpòt nan pati yo kab reprezante tèt li, se sa yo rele reprezante tèt ou oswa konparèt *pro se*, oubyen ougendwa anboche yon avoka. Yo pa bay avoka ba paran ki gen yon lòd tribinal pou peye pwovizyon alimantè. Pou enfòmasyon konsènan kijan pou jwenn avoka, pati yo ta mèt kontakte Sèvis Legal Nyoudjèze sou sit web lsnj.org oswa Asosyasyon Bawo Sèvis Referans Avoka nan njsba.com

Dwa pou Entèprèt

Tout endividi ki gen konesans limite nan lang Anglè a kab mande pou yon entèprèt. Yo founi entèprèt gratis epi tou yo disponib nan pifò lang yo, enkli nan lang siy. Tout demann pou entèprèt fèt pou fèt le

pli vit posib epi anvan dat odyans la, swa omoman demann la prezante oubyen lè w resevwa avi pou konparèt la.

Non-Konparisyon

Yon plent, petisyon oswa demann ki prezante nan tribinal kab anile si moun ki prezante li pa bay avi adekwa ak pa konparèt pou odyans la.

Si yon pati resevwa avi pou konparèt nan tribinal epi li pa konparèt, ajan konseye-oditè a ta kab rekomande yon lòd pa defò, ki se yon lòd yo emèt pandan absans moun la, ak/oswa yon manda darè pou endividi ki pa konparèt nan odyans la. Tout endividi ki gen yon manda darè kont yo pou koze pwovizyon alimantè timoun ta kab jwenn refi pou lisans kondwi, sispansyon pèmi pou kondwi oswa revokasyon

Otorite Limite

Ajan Oditè Pwovizyon Alimantè yo pa Jij. Yo gen otorite pou tande sèten ka, nan sèten kondisyon ak fè rekomandasyon pou etabli, egzekite oswa modifiye yon lòd pwovizyon alimantè. Tout Kesyon oswa remak konsènan Pwogram Ajan Pwovizyon Alimantè a fèt pou adrese ba

Administrative Office of the Courts
New Jersey Judiciary
PO Box 983
Trenton, NJ 08625
609-815-2900 ext. 55360

Pou Plis enfòmasyon konsènan Pwovizyon Alimantè Pou Timoun

1-877-NJKIDS1

1-877-655-4371

Seksyon Jidsyè Nyoudjèze
njcourts.gov

Enfòmasyon konsènan Pwovizyon Alimantè pou Timoun
njchildsupport.org

Biwo Federal Egzekisyon Pwovizyon Alimantè pou Timoun
acf.hhs.gov/programs/css

Depliyan sa a pibliye pa

Seksyon Jidisyè Nyoudjèze
Depatman Koze Lafanmi

Family Practice Division

Stuart Rabner
Dwayen Tribinal la
Chief Justice

Glenn A. Grant, J.A.D.
Direktè Administratif Pwovizwa Tribinal yo
Acting Administrative Director of the Courts

Jennifer M. Perez
Direktè, Sèvis Pwosè nan Tribinal
Director, Trial Court Services

Joanne M. Dietrich
Asistan Direktè, Koze Lafanmi
Assistant Director, Family Practice

Nancy L. Manuele
Prezidan, Pwogram Ajan Pwovizyon Alimantè pou Timoun
Chief, Child Support Hearing Officer Program